

# Istwa Noa lè Bondye te voye gwo inondasyon an

Ékri pa Edward Hughes
Ilistré pa Byron Unger; Lazarus

Tradwi pa Christine Pierre-Lhermite
Adapté pa M. Maillot; Tammy S.

Istwa 3 nan 60

**M1914.org**


**Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada**



Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa, dépi sé pa pou van-n ou fè li.























Istwa Noa lè Bondye te voye gwo inondasyon an

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Genez 6 - 10

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò.

Sèlman, Bondyé renmen nou si tèlman, ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa, Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Kounyé-a Bondyé ka padonnen péché nou yo.

Ou men-m tou, si ou vlé viré do-w bay péché, rémèt Bondyé lavi-w, résité priyè sa : "Bondyé l'Étènèl, mwen kwè ké Jézi té mouri pou mwen, épi Li résisité ankò. Tanpri, antré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou-m sa gen yon nouvo lavi, pou-m sa toujou maché avè-w pou tout tan. Édé-m viv pou ou, an tan ké pitit ou. Amèn". Jan 3 : 16.

Li LaBib ou épi palé ak Bondyé chak jou !

kréyol Ayisyen

Haitian Creole


Bondye avèti Noa ke ta pral genyen yon gwo inondasyon ki ta pral kouvri tout tè ya. Bondye pase Noa yon lòd, li di-l konsa : "bati yon gwo bato an bwa ki ka pran tout fanmi-w ak yon pakèt bèt".
3
Bondye bay Noa tout esplikasyon ak tout mezi sou kijan pou li bati bato sa-a. Se te yon gwo responsabilite pou Noa !
4
Anpil moun pase Noa nan tenten lè li esplike yo pouki rezon lap bati yon bato nan yon zòn ki pa menm pre ak dlo.
5
Sèlman Noa pa janm dekouraje pouswiv sa Bondye mande-l fè-a. Li pa janm sispann pale moun yo de Bondye tou. Men pèson pa jamè vle tande-l.
6
Noa te gen lafwa anpil. Li te kwè sa Bondye te di li-a, menm si kote li te rete-a, lapli pat janm tonbe la anvan.
7
Apre yon tan, bato-a te pare pou Noa kòmanse mete tout sa li ta pral bezwen andedan li.
8
Bondye fè bèt yo rasanble. Gen ladan yo li fè vini pa 2, egal yon pè, yon mal ak femèl li, gen lot li fè sanble pa 7 pè, egal 14, 7 mal ak femèl yo.
9
Gwo zwazo tankou piti, ti bèt tankou gwo, yo tout rasanble pou yo rantre nan bato-a.
10
Siman anpil moun joure Noa lè li tap fè bèt yo rantre. Yo pa janm sispann peche kont Bondye. Yo pa janm mande pou yo rantre nan bato-a.
11
Lè tout bèt yo fin antre, Bondye di Noa pou li antre tou ak tout fanmiy li : madanm li, 3 pitit gason-l yo Sèm, Cham ak Jafèt, yo chak ak madanm yo. Apre sa Bondye fèmen pòt bato-a.
12
Alò, lapli-a kòmanse tonbe. Yon gwo lapli san fen tonbe pandan 40 jou ak 40 nwit.
13
Dlo lapli sa fè yon inondasyon ki kouvri tout kay, tout vil, tout vilaj andeyò. Menm lè lapli-a sispann, a ta mòn yo te kouvri anba dlo. Tout bagay ki tap viv sou tè-a yo tout peri.
14
Pandan inondasyon an, bato-a toujou flote sou dlo yo. Andedan bato-a gendwa te fè nwa, petèt li te gendwa domaje apre tout sekous lapli sa-a, oswa li te gen dwa vin efreyan e bay kè kase, Sèlman li pwoteje Noa kont inondasyon-an.
15
Apre 5 mwa ke Noa te fè sou dlo-a, Bondye voye yon van sechrès pou seche dlo-a. Apre yon ti tan, bato-a jwenn ak tè, li poze sou tèt yon mòn ki te rele Ararat.
16
Malgre sa Noa rete andedan bato-a toujou pendan 40 jou, jiskaske dlo yo desann piplis ankò.
17
Noa louvri yon fenèt e li voye yon kòbo, zwazo nwa yo rele malfini an, ak yon toutrèl pou yal gad kijan tè-a ye. Zwazo-yo pa jwenn anyen, yo tounen kot Noa.
18